Соколёнок

5/2014

сентябрь - октябрь

# Лачен

0+

КIЕЛ БАЗЛИ ГЪАЧАМ ДУРАБУЛХЪУСИ ДУРХIНАС ХАСБАРИБСИ РЕСПУБЛИКАЛА ЖУРНАЛ



# Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъ 80-сон тIубаялде

**Дир гIисинал гьудулзаби ва гIагарал магIарул лъимал!**

**Лъалеб букIахъе исана 80 сон тIубала Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз гIуцIаралдаса. 1934 соналъ гIемер миллатазулаб Дагъисталъул хъвадарухъабаз ахIараб тIоцебесеб съездалда гIахьаллъана ЦIадаса ХIамзат, Сулейман Стальский, АбутIалиб Гъафуров, Рабадан Нуров, Багьавудин Астемиров ва цогидалги доб заманаялда халкъалда гьоркьоб жидер цIар машгьурлъарал хъвадарухъаби.**

**Хадусел соназда дунялалъго цIалана Расул ХIамзатовасул, Фазу ГIалиевалъул, Расим ХIажил, АхIмадхан Абубакарил ва цогидалги Дагъистаналъул хъвадарухъабазул асарал. Гьебго заманалда гIемерал миллатазул мацIазде руссинаруна нилъер лъималазул хъвадарухъаби: Рашид Рашидовасул, Нурадин Юсуповасул, МухIамад Хириясулаевасул, МухIамад Гъазиевасул тIахьал.**

**Хъвадарухъабазул союзалъул хIаракатчилъиялъул хIасилалда 1943 соналъ Дагъистаналда рагьана хас гьабун лъималазе тIахьал ричалеб издательство «Дагъучпедгиз». 1980 соналдаса нахъе хъвадарухъабаз лъималазе бахъулеб буго школлъималазул унго-унгояб гьудуллъун лъугьараб «Лачен» журнал. Гьелъул гьурмазда нужеца цIалула цIадулал рагъазда бахIарчилъи бихьизабурал умумузул хIакъалъулъ хъварал очеркалги, лъималазул гIумруялъул бицунел макъалабиги, некIсиял маргьабиги, гьанжего гьанже нилъер гьунар тIокIал хъвадарухъабаз хъварал цIиял асаралги.**

**ГIицIго гьеб кIиябго мисалалъцин бицунеб буго Дагъистаналъул хъвадарухъабаз лъималазул лъай борхиялде, гьезул пикру бегIерлъиялде, гьезие тIадегIанаб даражаялда тарбия кьеялде кидагосеб кIвар буссинабулеб букIиналъул.**

**Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз улкаялдаго къадру тIокIаб идаралъун лъугьун букIиналъ МахIачхъалаялда тIоритIулаан тIолго союзалъул лъималазул хъвадарухъабазул семинарал, секретариатал ва цогидалги гьезда релълъарал тадбирал. Цо нухалъ гуро гьединал данделъабазда гIахьалъизе нилъехе рачIарал цIакъго чIахIиял хъвадарухъаби: Сергей Михалков, Агния Барто, Георгий Ладонщиков, Валентин Берестов, Яков Аким ва гIемерал цогидалги. Нилъер лъималазе унгоунгояб байрамлъун лъугьунаан гьезулгун рукIарал рикIкIен гIемерал дандчIваял.**

**ХIурмат тIадегIанал магIарул васалги ва ясалги!**

**ЦIадаса ХIамзатица нуж релълъинаруна чIагоял тIугьдузда. Расул ХIамзатовас нужеде божилъи гьабулаан Дагъистаналъул букIинеселде гIадин.**

**ГIемераб рохелги, хинлъиги, лъикIабщинабги гьарулаго, бокьун буго нужеда баркизе нужерги нижерги юбилей – Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ 80 сон тIубай.**

***Дагъистаналъул халкъияв поэт, РДялъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель, МухIамад АхIмадов***

# МухIамад АхIмадов

1955 с.



Дагъистаналъул халкъияв поэт, РДялъул пачалихъияб премиялъул лауреат МухIамад АхIмадов гьавуна Гъуниб районалъул Гьонода росулъ. ГIагараб росулъ гьоркьохъеб школа лъугIизабун хадув лъугьана Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институталде. ЛъикIал къиматазда цIалулев АхIмадовас жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIана институталъул жамгIияб жигарчилъиялъулъ. ТIадегIанаб лъайгун МахIачхъалаялде тIадвуссарав МухIамад хIалтIула тIахьазул издательствоялда редакторлъун, Хъвадарухъабазул союзалда жавабияв секретарьлъун, магIарул хъвадарухъабазул секциялъул нухмалъулевлъун, республикаялъул литературиял журналазул жавабияв секретарьлъун.

ГьабсагIаталда МухIамад АхIмадов ккола Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель ва Россиялъул Хъвадарухъбазул Союзалъул Правлениялъул секретарь.

1984 соналдаса нахъе гьев ккола СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъунги.

МухIамад АхIмадовас кучIдул хъвазе байбихьана школалда цIалулеб мехалдаго. Гьесул тIоцересел асарал рахъана Гъуниб районалъул «ЦIияб канлъи» газеталда, «БагIараб байрахъ» газеталда, «Гъудуллъи» альманахалда.

Поэтасул тIоцебесеб тIехь цIалдолезухъе щвана 1979 соналъ. Хадур Дагъистаналъул ва Москваялъул издательствабаз басмаялда рахъана АхIмадовасул «Сонал», «Рокьул авараг», «Мухъ», «Шагьаралъул кучIдул», «Поэт», «XXI век» абурал ва цогидалги тIахьал.

АхIмадовас авар мацIалде руссинаруна А.Пушкинил, М.Лермонтовасул, А.Блокил, С.Есенинил, Н.Рубцовасул, Ю.Кузнецовасул ва гIемерал цоги гIурусазул поэтазул асарал.

М.АхIмадов гIахьаллъана дагъистаналда ва Россиялда тIоритIарал Хъвадарухъабазул съездалъул хIалтIулъ. Цо нухалъ гуро гьел съездазда МухIамад АхIмадов жавабиял хъулухъазде вищарав.

МухIаммад АхIмадов



## Кинидахъ кечI

Кьижа, кьижа, дадал тIинчI,
Кьижа, кьижа, бабал хIинчI.
Кьижана КьилимегIер,
Кьижа, кьижа, дир кьегIер.
Кьижана нилъер росу,
Кьижа, кьижа, дир Расул.

## БацIги гарцIги

Рохьоб рукъ буго бацIил,
Харилъ рукъ буго гарцIил...
Бекерулеб буго бацI,
КIанцIун унеб буго гарцI.

## Гара-чIвари

- БуртIил баба щиб, дада?
- ЦIе буго, дир вас Расул.
- БуртIил дада, щиб дада?
- ДегIенха, дир вас Расул.
- Гьедин батани, дада,
Дир дегIенищ мун кколев?



## МегIерги кьегIерги

ГIурччинлъун буго мегIер,
МагIарда буго кьегIер,
МагIардаса гIурччинхер
Кваналеб буго кьегIер.

## БурутIги тIутIги

Кьижун букIана бурутI,
Боржун тIад рещтIана тIутI.

ТIаде бахъана бурутI,
Боржине гьабуна тIутI.

## Расулил суал

- Дада, моцIги цIвабиги
ЦIцIеги бурутIги гурищ?

# ЦIадаса ХIамзат

## 1877 – 1951 с.с.



Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзат гьавуна Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ. ЦIалана батIи-батIиял росабалъа мугIалимзабахъеги ун. ГIолохъанго загьирлъана кечI хъвазе гьунар. ГIолохъанго байбихьула гIумруялда дандчIвалел гIунгутIаби: ритIухълъи гьечIолъи, хъантIи, къарумлъи гIадал гIаданлъиялда данде ккolarел хасиятал къватIир чIвазарулел асарал хъвазе. Берцинго гIумру тIамизе квалквал гьабулел квешал гIадатазда тIад гIадамал релъанхъизе тIамулел кучIдуздасан дандеги гьабун, басмаялда бахъана «ГIадатазул жул» абун тIехь. ТIолабго халкъалъ ракI-ракIалъ къабул гьабуна поэтасул гьеб тIехь. ХIамзатил асаразулъ гIемер руго КIудияб ВатIанияб рагъул темаялда хъварал кучIдул. КIудияв поэтасул творчествоялда хасаб бакI ккола гьес лъималазе хъварал баснябаз, маргъабаз, махсародул кучIдуз. ГьитIичазда ричIчIула, рекIелъе лъугьуна гьесул гьайбатал асарал, асир гьарула гьез магIарул лъимал. ЦIадаса ХIамзатил рагIул гIакъиллъиялъе, пасихIлъиялъе, бегIерлъиялъе нугIлъи гьабула гIемерисел кучIдул халкъалда рекIехъе лъалел рукIиналъги.

## БАРКИЯЛ

* * *

*ХIурматияв МухIамад АхIмадович!*

*Баркала нилъер къоязул хъвадарухъабазе, заманаялъул захIмалъиялъухъги балагьичIого, умумуз бакун тараб авар адабияталъул цIадул кунчIи цIунаралъухъ.*

*Саламгун Гумбет районалъул ТIаса Инхоса цIалдохъаби.*

# Маймалакги цIулал устарги



Цо пуланаб ишалде
Унеб маймалакалъул
АхIмадида берчIвала,
ЧIалул хъаргщал рахъулев;

Щибаб натIил къадаралъ
Хъухъан лъугIараб мехалъ,
ЛъутI бахъун, нахъехун чIван,
ЧIалтIа рекIун хIалтIулев.

Маймалак АхIмадида
ХIикмат гьабун хутIула,
ХIалтIул сурат бахъизе,
Гьесухъ балагьун чIола.

Жиндирго цо ишалде
АхIмад гьениса уна,
Гьелгьелаго маймалак
БачIун чIалтIе бахуна.

Хъухъалеб кIалалдехун
КIигъеж кьурун рехана,
Кьанбан чIалтIаги рекIун,
Квалквазе байбихьана.

АхIмадихъего лъугьун,
ЛъутI бахъулеб букIана,
Нахъасан даларaб рачI
Хъорщода гьоркьой ккана.

Гьанже унтул кутакалъ
Квешал гьаркьал рахъана,
РачI бахъизе кIвечIого
РекIедаса ун ккана.

Гьеб ургъалида гьоркьоб
АхIмад тIаде вачIана.
РачIалъул бугеб унти
Эс кIочонтезабуна.

Жиндир хъулухъ гуреб иш
БотIроде босарасе
Мисалалъе гьеб рагIи
ГIунги тIаса борчIула.

# «Гагу-гагу» абе, дур габур тІеяб



Цо мугІрул каранда хІохь къотІун чІараб,
ХІамил бетІергІанаб росу букІараб.
Росдада сверухъе рачел борчараб,
Чинаридул бецІаб рохьги букІараб.

Мугъзада гьитІинаб лъимерги баччун,
Цо тІинчІай къоролай къватІий яхъана.
Рачлихъан рекІараб гІащтІиги бахъун,
ГІолилай рохьое цІулатІе ана.

КІудияб хІохьотІа тІад лъимерги лъун,
Эбел цо гохІихъе яхун йикІарай.
Борхатаб гъотІода тІогьиб гаргалеб
Гагуде лъимадул ракІгъун букІараб.

Цо-цо ккун бакъвараб гІаркьелги къотІун,
Гьай цІулал магь къазе лъугьун йикІарай.
Тохлъукье гагудул гьаракьги къотІун,
Йиххун рахъ-рахъалде екерахъдарай.

Цинги доб борхатаб гъветІги биларaб,
ГъотІокь лъимер лъураб хІехьги биларaб,
Гогьаб гагуялъ гьей къосинаюрай,
Ва керенги бухун, гьадин ахІдарай:

«Гагу-гагу» абе дур габур тІеяб,
Дуда божун гурищ дица тІинчІ тараб?
«Унга-унга» абе, эбел хахаяб,
Эбелалъул керен кІочонищ тараб?






Дагъистаналъул халкъияв поэт Заид ХIажиев гьавуна Хунзахъ росулъ. Заидил гIолохъанал соназде данде ккана Дагъистаналда къоабилеб гIасруялъул байбихьуда букIараб граждан рагъ. Гьединлъидал Заид ХIажиевги гурун гъуждулгун жувана гьеб рагъулъе. ВукIинесев кIудияв поэт вагъулев вукIана багIарал партизаназул рахъалда. ЛъугIана рагъ. Байбихьана магIарухъ советияб власть гIуцIизе. БагIарав партизан Заид ХIажиевги лъугьана цIияб власть гIуцIулезул бищунго жигарал церехъабазул цоявлъун. Хадусел соназда хIалтIана коммунист партиялъулгун хIукуматалъул жавабиял хъулухъазда. Гьесул хъвадаризе бугеб гьунар бихьун тIамула «МагIарул большевик», ай гьанжесеб «ХIакъикъат» газеталъул редакторлъун. ТIубараб гIумруялъ гьеб газеталда хутIана, батIи-батIияв хъулухъазда. Живго хIалтIулеб гIагараб газеталъул гьурмазда рахъарал кучIдуздалъун машгьурлъана Заид ХIажиевасул цIар поэт хIисабалда магIарулазе. Халкъалъ хасго лъикIаллъун рикIкIунаан поэтас рагъул соназда хъварал асарал. ШагIирас хасаб кIвар кьолаан лъималазе хъвалел асараздеги. Гьеб бихьула Заидица гьитIичазе хъварал кучIдузул пасихIлъиялъул пикру гьабидал.

## Мадугьилзабаз кавабги рагьана

Эчедасан, Сагьадасан Муслимил жубараб отрядги, Хъвайиниса тIаде Алексей Ивановичасул бригадаги цIунтIадерил чанахъабазул тахшагьаралде – Кидирире щвана. Хъаладул кIалтIа, рахъун чIарал сиял гIадин, росдаде тIаде ралагьун чIун ругоан цIунтIадерил наибасул – Жабуласул рукъзал.

- Гьале дол Жабуласул хъулби, - ян рихьизаруна Муслимица Алексейида, жинцаго Жабулавги гьесул кIиявго васги жанир ккурал минаби. Огь, бухIаясул къо, араб соналъул июль моцIалда нижеца гьабураб операция цо-кIиго къоялъ цебеккун букIарабани, Хъайитмазги, васалги, ХIоцоса Нажмудинги кодоре щвезе рукIана нилъехъе. Гьелги жиндир заманалда кквезе кIун рукIаралани, гьал чIахIиял питнаби магIарухъ ккечIого хутIизеги бегьулаанилан, хадубги гьезабуна гьес.

- БитIараб буго, Муслим, - ан абуна Алексей Ивановичас.

Муслимил отрядалъги Алексейил бригадаялъги цIунтIадерил тахшагьаралъул чанахъабазда кодоса ярагъ нахъе бакIарана, лъутун къватIир чIарал мискинал, гьоркьохъел рекьарухъаби рокъоре ахIеян, гьезие щибго гьабиларилан лъазабуна.

Муридзабазул фронт биххун унеб букIана, цо-цо гIисинал бутIрул ва гьитIинал офицерзаби квертIе рачIунел рукIана. Гьединаб, хехаб рихха-хочиялъе гIилла букIана Дагъистан хъахIаздаса эркен гьабулел мугIрузда рукIарал БагIараб Армиялъул частазе ва багIарал партизаназул отрядазеги кумек гьабизе, Кавказалъул аслиял мугIрузул рахасги бахун, муридзабазул мугъалда нахъе 2I абилеб армиялъул частал ва Грузиялъул багIарал рекIаразул часталги лъугьунел рукIин.

1921 абилеб соналъул 17 абилеб маялда Метрада, Шаури ва цогидал росабалъ рукIарал БагIараб Армиялъул частазде ва Муслимил отрядалдеги Гуржистаналдасан рачIунел 2I абилеб армиялъул частал ва Гуржистаналъул рекIаразул багIараб отрядги дандIвана. «КIамаржуян» ахIана гуржияс. «КIакIимаржуян» жаваб кьуна магIарулас. «Хошгелдиян» абуна магIарулас, «Хошгелдиян» жаваб кьуна гуржияс.

КIудияб тарихияб ва рохалилаб къо букIана гьеб кIиго мадугьалаб халкъалъе – гуржиязе ва магIарулазе. ТIад ретIунеб ратIлил формаялъул, гьурмал такъваялъул, чорхол халипалъул рахъалъ гуребги, ахIулел кучIдузулги, зурмил бакъназулги, гьури гIадаб хехаб кьурдиялъул рахъалъги гIемераб цоцада релълъараб, цоцазе гIаммаб жо бугеб, гьобол хирияб, гьудул кIудияб, кIиябго бахIарчияб халкъалда гьоркьосан гIасиял векал халалъухъе чIегIераб кету бекерахъдулеб букIана.

ГIарабиязул сидзабазул, Иранազул шагьзабазул, Монголал-татаразул батирзабазул, гIурус пачаясул фельдмаршалазул хвалчабацаги цоца-





ва гьанже гьел хъурумсахъал гьал рорхатал мугӀрузда, гъваридал кӀкӀа-лабазда, бецӀал рохьазда рахчарилел ругеб куцалъул хӀакъалъулъ. Нижги, нужго гӀадин, гӀадатиял гӀадамазул – хӀалтӀухъабазул, рекьарухъабазул лъимал руго, нижеда гъорлъги гьечӀо хъахӀал офицерзабазул, наибзабазул лъимал.

Гулал Хъазамиян жинда цӀар бугев цо херав партизан – магӀарулас абуна: «Дир кӀудияв эмен ХӀажимурад, имамасулгун рагӀи данде ккечӀого, гуржистаналде лъутун вуго. Жакъа дида данде чӀван руго, кӀудияв инсуда дандчӀвачӀел, дол унго-унгоял гуржиял. Дун талихӀ бугев магӀарулав вукӀун вуго, дун гьудулзабазда аскӀов вуго. нижеца нужееги рагьарал руго киналго нухалги, киналго кьоялги, кавабиги, каранзул ракӀалги», - абун.

Гулал Хъазамие жаваб кьолев чияс гӀадин, гуржиязул цо багӀарав рекӀарас абуна: «Дур кӀудияв эмен Гуржисталналде вачӀарав мехалда, гьесда данде азнаурзаби, пачаясул офицерзаби чӀван руго, амма дир кӀудияв эмен Георгий чабхъад рачӀарал магӀарулахъе щвараб мехалда, гьесда данде унго-унгояв магӀарулав чӀван вуго. Унсоколоса ХӀожолас дида цӀар лъурав Георгий, рекӀине чуги кьун, ЦӀоралъул гӀорхъоде щвезегӀан цадахъги вачӀун, тӀовитӀун, рокъове вачӀун вуго. Унго-унгоял гуржиялги, унго-унгоял магӀарулалги кирго рукӀун руго ва кирго рукӀинеги руго!»

даса тӀезабун, бикь - бикьизабун букӀана кӀиябго мадугьалаб ва гьудулаб халкъ.

Гьанже кӀиявго мадугьаласда гьоркьоб вацлъи-гьудуллъи рукӀалиде ккана. Гуржияз магӀарулазда бицана гьез жидерго княззаби-азнаурзаби, офицерзаби революциялде данде чӀарал кашишзаби рачахъараб куцалъул.

Гуржияз абуна: «Нижеца нужее Кавказалъул мугӀрузул рахсазда нахъа рукӀарал нижерго хъулбузул, сиязул каваби рагьана, нижеца нужее нижерго ракӀазул кӀулал ричӀана, гьайбатаб Грузиялде бокьараб къоялъ гьоболлъухъ рачӀа!» - абун.

МагӀарул мадугьалзбаз кумекалъе рачӀаралъухъ баркалаги кьун, гуржиязда бицана магӀарухъ гьарурал гӀасиял рагъазул, гӀодоре тӀурал гӀемерал биязул, гьелго хъахӀал офицерзабазул, наибзабазул аскараз гьарурал пасалъабазул хӀакъалъулъ

ГӀурусазул рагъухъабаздеги руссун, магӀарулаз ва гуржияз абуна: «Баркала КӀудияв вацасе – гӀурус халкъалъе, гӀурус халкъалъул бахӀарчияб БагӀараб Армиялъе, Дагъисталналъухъе, Гуржисталналъухъе кумекалъул квер кьураб, цӀар араб 21 абилеб армиялъе, гьелъул рагъухъабазе, командирзабазе ва комиссаразе».






Дагъистаналъул халкъияв поэт, халкъазда гьоркьосел ва пачалихъалъулал гІемерал премиязул лауреат, Социалистияб захІматалъул бахІарчи ХІамзатил Расул гьавуна Хунзахъ районалъул ЦІада росулъ Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦІадаса ХІамзатил хъизамалъе. Буйнакск шагьаралда цІалун, авар педучилище лъугІизабидал ГІарани школалда мугІалимлъун хІалтІана.

1950 соналда Москваялъул М.Горькил цІаралда бугеб литературияб институт лъугІизабун МахІачхъалаялде нахъвуссарав Расул ХІамзатов Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул председательлъун вищана ва гІумруялъул ахирисел къоязде щвезегІан гьебго хІалтІудаги хутІана.

1943 соналда басмаялда бахъана Расул ХІамзатовасул «ХІасратаб рокьиги боркьараб ццинги» абун кучІдузул тІехь. Гьелдаса хадур цІалдолезухъе щвана шагІирас хъварал нусгоялдасаги цІикІкІун тІахьал. «Дун гьавураб сон» абураб тІехьалъухъ Р.ХІамзатовасе кьуна СССРалъул Пачалихъалъулаб премия. «ТІадегІанал цІваби» абурабтІехьмустахІикълъана улкаялда бищунго тІадегІанаб даражаялъул Ленинилаб премиялъе. Миллионал цІалдолез цІакъго къиматалда къабул гьабуна гьес харбихъего хъвараб «Дир Дагъистан». Дунялалъул гІемерисел халкъазе жидерго поэтас хъварабгІанги гІагараблъун лъугьана Расул ХІамзатовасул «ХъахІал къункъраби» абураб кечІ. Расулил гІумруялъулгун гьесул творчествоялъул ва политикиябгун жамгІияб хІаракатчилъиялъул хІакъалъулъ рахъун руго кинофильмаби, хъван руго тІахьал. Расул ХІамзатов ккола гІурус тун батІияб миллаталъул жиндие Москваялда памятник рагьарав тІоцевесев поэт.

## БАРКИЯЛ

* * *

*Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалде!*

*ДиегІагарал магІарулхъвадарухъаби: МухІамад АхІмадов, МухІамад Хириясулаев, МухІамад ПатахІов ва МухІамад ГІаб-дулхІалимов. Нуж гІадал пагьмуги гьунарги тІокІал МухІамадал гІемерлъаги нилъер халкъалъе.*

*Нижги Зивуриб росулъа лъимал.*

Расул Хlамзатов

# Цо мурад



ГIемерал мурадазулъ
Цо мурад буго рекIел:
Дидаса лъикIаб букIа
Дир лъималазул гIумру.

Дидаса лъикIал рукIа
ГIун рачIунел дир лъимал,
Дидаса лъикI ахIаги
Лъималаз цIиял кучIдул.

Гьеб, азарил саназул
Умумузул цо мурад,
Цадахъ босила дица
Васазегин ясазе.

Диялдаса лъикI къалъе
Къоял дир лъималазе,
Дида лъачIеб лъа макьу
Лъималазда рогьалилъ.

Дир киналго рохелал
Чвахе дир лъималахъе,
Дир киналго унтаби
Ине те тушбабахъе.

ГIемерал мурадазулъ
Цо мурад буго инсул:
Васал, жинде данде ккун,
Жеги лъикIал рукIине.

* * *

Меседкунал гIомо гьай,
ГIарцул кунал чилай гьай,
ТIалъиялъул кечIги гьай,
Кавказалъул бурутI гьай.

Нахъе хъете, хIинкъарав,
Дир яс дуе кьеларо.
Кьуркьудуге, къадарав,
Гьаб къимат дуй щвеларо.

БатIи-батIияб тIогьол
ТIутIун гьаюрайги гьай,
Берци-берцинаб харил
Херхун гьаюрайги гьай.

МегIер цIурал гIиял кье –
Кьезе гьечIо гьал кьунсрул.
Гъамас цIураб гIарац кье –
Кьоларебха гьаб габур.

Габуралда бугеб гIуж,
Нодоялда лъураб тIанкI –
Дир берцинай куц-бика,
Камилай сурат-бика...

Кьеларо гъедуялъе,
Кьеларо гьудгьудалъе –
Гочин гьайбатаб мокъокъ,
Бакъан берцинаб гIанса.



* * *

Гьарун кьураб цIад гIадинав, –
авлъидал,
ЦIалун щвараб бакъ гIадинав, –
авлъидал,
ГьоцIо кIутIун, кIал гъуравги, –
авлъидал,
ЦIибил кIутIун, бер гъуравги, –
авлъидал;
РагIизеги кечI берцинав, –
авлъидал,
РагIи берцин, гIамал берцин, –
авлъидал;
ГодекIаниб хIал бакIавги, –
авлъидал,
ХIал ккаралъуб зар бакIавги, –
авлъидал,
Залимасе залимавги, –
авлъидал,
ЗагIипасе недегьавги, –
авлъидал;
Гьинал ракIгIан гIагаравги, –
авлъидал,
РекIел кIулгIан хириявги, –
авлъидал,
КIулазулги гъамас гIадав, –
авлъидал,
Гъансинибги месед гIадав, –
авлъидал...
Бабал, бабал авали, –
Ахх, ахх...






Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадов гьавуна гьанжесеб Шамил районалъул Гьандихъ росулъ. Росдал школа лъугIун хадув хIалтIана «ЦIияб канлъи» абун районалъул газеталъул редакторлъун. Гьебго заманалда байбихьана кучIдул, харбал, къисаби хъвазе. Мусал гьунаралъе лъикIаб къиматги кьун, Хъвадарухъабазул союзалъ гIолилав витIула Москваялъул Литературияб институталда цIализе. Гьунар тIокIав Мусаца гьеб лъугIизабула лъикIаб даражаялда.

Муса МухIамадовасул тIоцебесеб кучIдузул тIехьалда цIар букIана «ГIурччинаб расалъуда» абун. Гьелдаса хадуб Дагъистаналъулги Москваялъулги издательствабаз басмаялда бахъана Мусал 75 тIехь. Гьесул асарал руссинарун руго ингилис, франг, украин, хинди ва цоги анцIанцI мацIазде.

Муса МухIамадовасул «КIудадал гIанса» абураб тIехь мустахIикълъана С.Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъулаб премиялъе. Гьев ккола «Огонек» журналалъул, Детгизалъул, РФялъул Минпечаталъул ва цогидалги премиябазул лауреат. Мусае унгоунгояб машгьурлъи щвана «Къисас», «Лъукъарал кьураби» ва «Кьалбаз ккола гьветI» абурал къисаби хъван хадуб.

Муса МухIамадовасул гIумруялъул гIемерисел сонал ана «Гьудуллъи» альманахалда ва Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда батIибатIияб хъулухъазда хIалтIулаго.

## БАРКИЯЛ

* * *

*Киналго лъималазего гIадин, диеги рокьула пасихIал кучIдулги, кепал харбалги. Хасго рокьула ХIасан ХIабибовасул харбалги, Хириясулаевасулгун Гъазиевасул кучIдулги. Дир кидагосел гьудулзабилъун лъугьана ХI.ХIабибовасул «Тарщихъа щиб биланаб?», М.Хириясулаевасул «Бакъул гьими», М.Гъазиевасул «КьегIер» абурал тIахьал.*

*Дунги МухIамад ХIасанов, ЧIикIаб школа.*




ЦIикIкIарал чагIаца гIаданлъиялъул бицунеб рагIарабго, ракIалде бачIуна цо нухалъ ккараб жо...

Гъеб ккана хаслихъе гъутIбуздаса тIамах гъунеб заманалъ. Киноялдаса вачIунев дун автобусалде жаниве кIанцIана. Бакъанил гIужалъ кидаго кьабун цIун букIуна нижер автобус. Цере ккаразе гурони, гIодорчIезе бакI щоларо. Гъаб нухалъ дун цо кIодода аскIов кIусана, ва, гордухъан къватIивеги валагъун, цо сундеялиго машгъуллъун вугев гIадин, гIенеккун чIана. Гъедин вугеб мехалъ, рахъун чIарал чIахIияздаса нич бахчизе бигъа букIуна. Гурого, довехун вуссани, эхетун йихьула дир эбел гIадай гIадан, базаралъул сумкаги къвалакь ккун, ватула хIалтIудаса вачIунев хъулухъчи... Гъел дихъ ралагъун чIола. «Гъая, гъитIинав вац» - ан абулеб бугин гъесан ккола, ва цIакъ рекъон букIунаро гъелдаса хадуб гIодов чIезе. Гъеле гъедин, къватIивехунги валагъун, яги тIехь цIалулеб ххвелги гъабун, чIани, - гъебго лъикI буго. Дида рагIулаан кIодол гъулгъуди: «ГIаданлъи гъечIо гъанже гъал гIисинлъималазулъ, чIахIиялги рахъун чIун, гIодорчIун рукIуна».

Гъедин гIодовчIун вукIана дун. Дир гъажалда цузабун гъежгун эхетун чIун, багIараб катIариялъул ясги йикIана. Тохлъукьего гьелъ гIунтIун букIараб тIилги тункун, довехун вуссараб мехалъ, йихьана дида гьей. «ТIаса лъугьа!» - ян абуна гьелъ дида ва щаялиго кIутIбиги хIанчIун, бетIер кIибикIана.

Нахъисеб къоялъ, дун рокъове щвараб мехалъ, эбелалда аскIой хабаркIалалда йигоан автобусалда дир хьолбохъ эхетун йикIарай яс.

- Гъалеха, дир вас ГIусман, нилъерго Хадижат хвалдаса хвасар гъаюрай Нажабат, - ан абуна эбелалъ дида.



«ВахI, гьайищха дой Нажабат?» - абун ккана дида. Гьанже гурони дида гьелъул катаналъ бухьараб унтараб махIу бихьичIо. Берцинал хIеренал бераз дихъги ялагъун, гьимана гьей.

Дида цебе чIана бухIараб риидалил къо. ГьитIиай яцги кьижун тун, ралъдахъе ана дун. Гьенир салуда тIад регун ругоан дир гьудулзаби. Гьезда аскIоб дида кинабго жо кIочон тана. Цо заманалдасан ргIараб гIадамазул чIиргъи-хъуялъ хIинкъизавуна дун. Векерана рокъове. Эбелалъ, кодойги йосун, йосун унеи йиго Хадижат. Гьелда сверун ракIарун гIадамалги руго. «Баркала буго гIолохъанчIужуялъе, гьолъ нахъе хъамичIейани, чIинтIун рехилаан машинаялъ яс», - ан абулеб букIана гьез. «Цощинаб гьолъул махIуялъе жагъаллъи кканадай?» - ян абуна эбелалъ, магIидаса бералги рацIцIун...

Макьидаса йорчIарай Хадижат къватIие яхъун йиго. Къваридаб къотIное гьей щвараб мехалъ, сверудасан баккун бачIун буго машина. БитIахъе машинаялъул бурдузда гьоркьа яхъанила Нажабатица ясилан бицана гIадамаз. Машинаги тункун, гIодой ккун йиго жийгоги. МахIу ччукIун буго. Хадижатие зарал ккун гьечIо.

Нажабатил хIакъалъулъ бицен камичIо гьелдаса нахъе нижер рокъоб. Гьелъул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ газеталда макъалагицин бахъун букIана. Къо ккани, гьелъ гIадин дицаги гьабилин гьунарилан гьедарулаан дун, ва гьей йихьизе анищ букIана дир. КIиго анкьги больницаялда бан, Нажабат къватIие йиччаралдаса нахъе эбелалъ чанцIулго абуна гьей гьоболлъухъ ахIизе йигилан.

Гьеле ячIана гьей гьоболлъухъ! Гьайгьай, кин дун гьелъул бадиве валагьилев вукIарав?

Гьеле гьелдаса нахъе, щив цIикIкIарав чи вачIаниги, автобусалда вукIа, ахикь скамейкаялда вукIа – кивго дун партIан тIаде вахъуна.








Дагъистаналъул халкъияй поэтесса Фазу ГIалиева гьаюна Хунзахъ районалъул Гиничукь росулъ. Жеги школалда цIалулеб мехалдаго байбихьана кучIдул хъвазе. ГIолохъанай поэтессалъул пагьму-гьунаралъе лъикIаб къимат кьуна чIахIияб гIелалъул хъвадарухъабаз. Гьединлъидал гьоркьохъеб школа лъугIарай Фазу йитIула М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институталде. ЛъикIал къиматалгун Москваялъул институтги лъугIизабун МахIачхъалаялде нахъюссарай Фазу тIамула «Учпедгиз» издательствоялъул редакциялъул заведующаялъун. КватIичIого гьей тIамула «Дагъистаналъул чIужугIадан» журналалъул бетIерай редакторлъун.

1961 соналдаса нахъе Фазу ГIалиева ккола СССРалъул ва гьанже РФялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун.

1959 соналъ Дагъистаналъул цIалул тIахьал рицчалеб издательствоялъ басмаялда бахъана поэтессалъул «Дир гIагараб росу» абун тIоцебесеб кучIдузул тIехь. Гьелдаса хадур Дагъистаналъул ва Москваялъул издательствабазда къватIире риччана «ЦIумал мугIруздаса роржуна», «АнцIила микьабилеб их», «МугIрузул закон», «Кьолбол мугьру», «ЧIагоял къисаби» гIадал ва цогидалги анцI-анцI тIахьал.

Ф.ГIалиевалъул «АнцIила микьабилеб их» абураб тIехь мустахIикълъана С.Стальскиясул цIаралда бугеб республикаялъул премиялъе, гьей ккола «Андрей Первозданниясул» орденалъул кавалер ва рикIкIен гIемерал цойги шапакъатал щварай магIарулай.



# Къо-мех лъикI расанкIаби

Фазу Алиева



ГъутIбуздаса тIогьилал
ТIамхал руго роржунел,
Гьороца рахъ-рахъалде
Руго гьел хъамун унел.

Хъатикь цIияб портфельгун
Росдал къватIахъа гIодой
ГIедерго школалде
Йиго Маржанат уней.

Жакъа цIалул соналъул
ТIоцебесеб къо буго,
ТIойитIизе ячIуней
Эбел хадуй гъоларо.

Къо-мех лъикI, расанкIаби,
ЯсикIабазул рукъзал,
Гьанжеялдаса нахъе
Нужей заман дагь буго.

«А» ялдаса байбихьун
«Я» хIарпалде щвезегIан
Алфавит лъим гIадинан
Лъазе ккола рекIехъе.

Цинги кучIдулгун харбал
Ваххан цIализе ккола.
Нусгоялде щвезегIан
РикIкIине лъазе ккола.

Къо-мех лъикI, чарал гурдал,
Нуж къанагIат ретIина.
КъватIахъ ясандилалде
Дарсал гьаризе ккола.

Дие эбелалъ гьале
Фартукал росун руго,
Цо хъахIаб, цо чIегIераб,
ЧIалал рухьун ретIунеб.

Сурмияб гурде буго
Дир школалъул ретIел.
Дун кIудияй гIун йиго,
Къо-мех лъикI, расанкIаби.




МахIачил шагьаралде,
ГьитIинал лъималахъе
Гьоболлъухъ бачIун буго
Москваялъул зоопарк.

Гьенив тирун вуссарав
МахIач тIаделъун, гьале
ТIабигIаталъ биччараб
ГъалатI къачIалев вуго.

Варанидул мугъзада
Рекъон ккараб гьаб кьили,
Тирияб чол мугъзада
БукIине кколин вуго.

Гьедин букIарабани,
МагIарде унеб мехалъ
Инсуца чода кьили
Лъезего ккелароан.

Гьедин букIарабани,
ГьитIинав МахIачийги
Чода рекIараб мехалъ
ЦIакъ рахIат букIинаан.

Варанидулъ гIемерал
ГIунгутIаби тун руго:
Тантикъал хIатIал руго,
ХIинцабго рилълъин буго.

Гьелъие чол гIадинаб,
Узданлъи щайзе кьечIеб?
Лъица, кире ралагьун,
Гьал хIайванал гьарулел?

ГьитIинав МахIачгицин
Рекъолев гьечIин гьезда,
ТIаделъун МахIачица
РитIизе гьарула гьел...

Бокьухъин хIайваназул
Суратал рахъула гьас:
Кьилиги лъун чу буго,
Чергеслъана варани...

ГIемер гъалатIал руго
ТIабигIаталъ риччарал.
Чанги гъалатIал руго
РитIизаризе жеги.








ГIабасил МахIамад – Дагъистаналъул халкъияв поэт, республикаялъул ЦI.ХIамзатил цIаралда бугеб премиялъул лауреат, гьавуна Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росулъ. ГIолохъанго хIалтIана гIемерал магIарул росабалъ мугIалимлъун. Гьебго заманалда заочно цIалун лъугIизабуна Москваялъул Литературияб институт. ТIолабго хадусеб захIматалъулаб гIумру ана Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъул кIудияв редакторлъун хIалтIулаго.

1967 соналдаса нахъе ГIабасил МахIамад ккола цин СССРалъул цинги РФялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун. 1965 соналда Дагъгизалъ къватIибе биччана «Дерец» абун цIар кьураб ГIабасиласул тIоцебесеб кучIдузул тIехь. Гьелда хадур цIалдолезухъе щвана «Сардил чирахъ», «КьуртIа цIум», «Ралъдал карачел», «МагIарухъ», «Иргаби», «КъатIраби» абурал тIахьал. Бищунго магIарул лъимал разияб лъугьа-бахъинлъун ккана «Дагъучпедгизалъ» гьес гьитIичазе хъвараб «Рохьил бакънал» ва «Рохьил маргьаби» абурал тIахьал къватIире риччай. ГIабасил МахIамад ккола ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб авар театралъ лъурал «Камалил Башир», «МахIмуд», «Саба Меседу» абурал ва цогидалги пьесабазул автор. ГIумруялъул ахирисел сонал гIагараб росулъ тIамизе бокьун, магIарухъе гочун, гьенив вуго гьабсагIат гIумру гьабулев РФялъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, росу хирияв ГIабасил МахIамад.

## Мивурмавуралъ къохбольалкIач кквей

ГЬанже Мивурмавур цIакъго саяхълъулеб букIана. Сверулебго тирулеб, тирулебго сверулеб гIамал лъугьун букIана. Гьаб баккичIеб кIкIалги хутIулеб букIинчIо рохьоб... Жакъаги цо рахъалде балагьун гьелана Мивурмавур. Гьанжеги жиндирго кечIгун букIана Мивурмавур:

Мивурмавур бачIине,
Магъулкету бачIине,
Катил гIундул рачIине,
ГIебумихъал рачIине...

РакIалдагогьечIогоцорацIцIалъуде балагьана гьалъул рохь. Рохь тIагIунищан тIаде бетIер борхула-

го, цебе эхетана къурул сирт. Къурул борхалъиян балагъулаго, бадибе буссун батана нохъоялъул гъакIкIараб кIал... Мивурмавуралъ хIатIил роси тIадагъ гъабуна. Цинциял михъалги эхеде рорхизарун балагъалагъана. Гъалда лъана нохъодул гъварилъуда бахчараб цо балъголъи бугеблъи. БичIчIана гъалда гьеб бихьизе кьижараб бецIлъуда борчIараб чIаголъи батилеблъи...

ЦIодорго квачIалги цере рахъулаго, михъалги рагъарахъдизе гъарулаго гъаб нохъода жанибе лъугьана. РачIги шуршузе тIамун, гIундулги гъуцIизе гъарун, гъаб эхеде балагьана... БецIлъукьги канал гъалъул беразе борхатаб нохъодул мокърукьан даларал хIанчIиги гурел гIункIкIалги гурел жал халлъана. Бадир цIадул хIенхIал кунчIарал гъалда гьелго жанаварал нохъодул къурулал къадазда далунги рихьана.

Мивурмавуралъул ботIролъ батIи-батIиял пикраби ххенана. ГIункIкIаздаги релълъарал, хIанчIаздаги релълъарал «хIайваназул» хIисаб гъабидал гъалгъан хутIана. Гьелдаса дагъабго ракI тIуркIараб Мивурмавуралъ «Мивурмавур бачIине...» абун жиндирго кочIол рагIаби рехана. Доз гIинго тIамулеб букIинчIелъ гъалъ, гьел хIинкъизе гIадин, «Магъулкету бачIине...» абун тIадеги жубана. ГIажаибал жанаваразгъалъухъгIинго тIамулеб букIинчIо. «ГIадалал жал рукIинчIелани, бутIрулги эхере гъарунищ гъал нохъода дализе рукIарал?!» абун гъорлъанго гъулгъудана Мивурмавур. «Дица бихьила гъазул гъаб чIухIунчIеялъулъ хIал» - анги абун нохъодул ракьандегIан ана аб. Энибги цо болъодул хIокI гIадин, цебе кIанцIараб цуцтIелги бихьун, элтIе кIанцIана аб. Балагъалагъана гъанжеги. Гъалъул кIанцIи бахунеб борхалъиялда бугоан, бетIерги эхебе гъабун, хIатIаз цебе кIанцIараб ганчIилжоги ккун, гъезул цояб. КIанцIун ана гури Мивурмавур! Алъул бегIерал гажакье



ккана гури доб жанавар!

Гъанже бахъарабха цо хъуй! Хъуйхъай щибха букIинеб, багъарараб-ха гьениб цо жуба-гъубай, цо кIкIуй-кIкIай! Ругелха гъадал мокърукь далун рукIанщинал, цадахъго рахъун, доре-гъанире гъаб Мивурмаваралда тIад роржанхъилел...

Бахъун лъутана гури Мивурмавур гьениса. Гъоб кквезе щварабги бортизе толеб киса. БитIахъе араб аб рагъида хабаралда ругел ЩихикIодаги Къагьир дацидаги цебе щвана. Щаялиго гьезда цебе жиндихъе щвараб давлаги лъуна...

- Валлагь бегьулареб иш гъабун буго дур Мивурмавуралъ, - ан абуна ЩихикIода Къагьир дацица.

- Алъ чIван бачIараб жо къохьолъалкIач буго, чIу, - абун валагьана ЩихикIо Къагьир дацихъ.

- КъохьолъалкIачха чIвазе бегъула-

реб букIараб дур алъ, - ан абуна Къагьир дацицаги.

- ГIункIкI бегьулеб, гьаб щай бегьулареб, Къагьир даци?

- Зарал гьечIеб, пайда кIудияб рухIчIаголъи кколелъулха къохьолъалкIач.

- Алъул пайдагIаги щиб?

- КъохьолъалкIач маркIачIуда бахъуна нохъодаса къватIибе. Боржанхъула киса-кибего. Ккола кIкIара, хIутI-хъумур, бецIлъукь къватIире рахъунел жал, гъветI-хералъеги гIадамазеги заралиябщинаб жо. ГIемер ккола...

- ТIанчIазейищ, Къагьир даци, аз, хIанчIаз гIадин, кIкIара-тIутI баччулеб?

- ТIинчI къохьолъалкIачалъ хахизабун хьихьула. Лъабго-ункъо анкьалъ эбелалъул каранда хурхахъе букIуна тIинчI. Цинги жибго боржуна, жинцаго ккола кваназе кIкIара-тIутI.

- АлъхоногьабизебусенгъотIодайищ гьабулеб, Къагьир даци?

- Элъ бусенги гьабуларо, хоноги гьабуларо. Гьелъ тIинчI гьабула. ТIинчI гьабурабго гьелда хъегъон букIуна. Гъол цаби-гажал рихьулищ дуда? Гъоз эбелалъул керенги ккун чIола тIинчI...

- МаркIачIудалъагIан кирха ал рукIунел, Къагьир даци?

- ГIемерисел нохъазда, кьурул кьватIалабахъ, тIокъо-гьоралъур рукIуна.

- Рузида гIадин къасимехалъищ, Къагьир даци, азда канлъи лъикI бихьулеб?

- Гуро, гьезда канлъи кидаго квеш бихьула. Гьезул «гIундузулаб канлъи бихьи» бугин абизе бегьула. Бадиб жоги бухьун биччаниги, къохьолъалкIач сунданиги хъвачIого боржуна. Гьазул цабзазда нилъеда рагIизе рес гьечIеб гьаракь дандерижилъун щолеб буго тIадбуссун гьезухъе. Чорхол хинлъи-цIоройги хисула гьезул, хасало кьижидал ноладецин ккола.

- Гьеб дида бичIчIичIоха, Къагьир даци?

- КIудияв гIедал гIемераб жо лъала дуда къохьолъалкIачазул хIакъалъулъ.

- КъохьолъалкIачилан щайдай гьелде абулеб?

- Элда цIарги дергело абунги буго, дергу абунги буго, къехьуабунги буго. Бихьуларищха дуда алъул куркьби, рас къунцIарал къохьол гьабурал гIадал жал? КъохьолъалкIач...

- ХIули гьечIел куркьбазда боржунеб хIинчI буго, Къагьир даци, аб.

- Эдинлъидалха элдеги «боржунеб гIункIкI» абулеб гIурус мацIалда...

Гьазул гьаб кинабго хабар бичIчIулеб гIадин гIенеккун чIун букIана Мивурмавур. Жинда цебе бугеб къохьолъалкIач квине гьелъул кигIан дагьабниги къасдги кколеб букIинчIо.



# ГIабдула Даганов

## 1939 – 2012 с.с.



ГIабдула ГъазимухIамадович Даганов – Дагъистаналъул халкъияв шагIир, хъвадарухъан, журналист – гьавуна 1939 соналъ ЧIарада районалъул Гьочоб росулъ. ЛъугIизабуна Буйнакскиялъул аварпедучилище, хIалтIана мугIалимлъун. 1968 соналда лъугIизабуна М.В.Ломоносовасул цIаралда бугеб Москваялъул пачалихъалъулаб университеталъул журналистикияб факультет. 1975 соналдайин абуни СССРалъул Хъвадарухъабазул ТIадегIанал литературиял курсал.

ГI.Даганов батIи-батIиял соназда хIалтIана республикаялъул «БагIараб байрахъ» газеталда, радиокомиталда, ДАССРалъул Культураялъул министерствоялда, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда. Жиндирго гIумруялъул ахирисеб къоялде щвезегIан, гIемерал соназ, гьев хIалтIана Дагъистаналъул киналго мацIазда къватIире риччалел «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазул бетIерав редакторлъун.

Москваялдаги Дагъистаналдаги басмаялда рахъана «Дун гIуна мугIрузда», «Рогьел», «ГIинтIи тIегьалеб гIуж», «ХъахIилаб расалъи», «ГIубилал ганчIал», «Эбелги, дунги, кечIги», «ГIадамазе рохел бикьулев», «ТIогьазда цIаял», «Росулъан нух», «Лъаразул чили» абурал ва цогидалги тIахьал.

1970 соналда гьев восана СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун.





# Къункъраби

Зодихъ къункъарабазул гьаркьал рагIидал
Дун, бетIерги борхун, балагьун чIана.
Гьаваялда тIелаз накъищал гьарун,
Гьел, югалде руссун, руго роржунел.

Рии тIагIарабищ дир тIалъиялда?
ТIугьдул речIаралищ мугIрул гIурдада?
Жеги сон гуребищ, лъикI руссаралан,
Дица нужер салам буссинабураб?

Бураналъ хъамулел карачелаллъун,
Кире гIедегIарал гIумрудул къоял?
Къункърабаца ихдал ахIараб кочIол
Асар дир рекIелъан жеги лъугIичIин.

Гьел роржун рачIунел, свакарал куркьбал
МугIрул гьогьеналъе чучизе гурищ?
Гьезул ватIан кинаб, рукIел киб бугеб,
Кидаго гьел зодихъ руго рихьулел?

Къункъраби, гьел нужер къваридал гьаркьал
Халкъазде гьабулеб аманат гурищ:
«Нилъее дуниял цохIо бугин кьун,
ЦIуне гьеб нагагьал цIаяздасан!»-ян.





# Васасе вас гьавидал



ВачIаравищ, вачIаравищ?
ВачIа, вачIа хехго рокъой.
Къояз, моцIаз духъ ралагьун
РукIаралин рахIатхун ниж.

РещтIая цо гъастIа гIодов,
Гъоле цIадухъ дуеги бакI.
Мун вущине къачIан бугин
Къадру тIокIаб мугIрул кини.

Гьенисанин гIумруялде
Гали лъураб нилъер чагIаз,
Чилъигун яхI, мугIрул къадру
Гьаб рокъобин гьезда лъараб.

Мун вачIиндал гьаб рукъалъул
Къадру-къимат борхилебин.
Къадруял дол умумузул
Ирс босулев вукIиневин.

Жиндирго цIар дуеги тун
Таралин ниж кIудадаца.
КIудияв чи гIедал досий
МустахIикъав мун лъугьине.

Дов хьвадарал нухаздасан
Вахиневин лъол мугIрузде.
Досул гIиял тIад рещтIарал
Щвелевищха лъол щобазде.

Жакъадни мун гьитIинав чи,
Гьулакалъув кIивикIулев.
КIудияб гьаб дунялалда
Дуцаги бакI кквелин хасаб.

Амма гьелъул унти-гIузру,
ГIасрабаца жал къулчIарал,
Къокъид цере рачIунелъул,
Лъала, рахIатхвела дурги.

Щиб гьабилеб, гьаб ракьалда
Рокьигун кьал цадахъ буго.

# Литературияб рагIикъот!



1. Хъвадарухъан Расуловасул цIар? 2. Поэтасул чу? 3. «Къисас» къисаялъул аслияв герой? 4. Гьебго къисаялъул автор? 5. ШагIирасе пагьму кьола гьес? 6. Дагановасул ватIан? 7. ЧIанкIал росу? 8. ХIамзатовас гьелда лъураб нагIилалда релълъинаюлаан бихьиназда гьоркьой йигей берцинай гIадан? 9. «Гьалъаб хьунлъи хьалбал ани, хьунда гIазу....ани»? 10. Нилъер цIар арав поэт? 11. «МагIарулай» пьесаялъул герой? 12. Р.ХIамзатовас «сакъис чIамулев васасе кочIолъ кьураб «баркала»? 13. «МагIарулай» пьесаялъул аслияй героиня? 14. «Гьадинаб талихIалъе....ги къваригIуна. (Р.ХIамзатов)? 15. Лъималазул поэтасул цIар? 16. «Сабаб» журналалъул вукIарав редакторасул цIар? 17. «Бекерулеб буго чан...» кечIалъул автор, халкъияв поэт?

## № 2



**ГIЕБЕДЕ ВА ГIОДОБЕ:** 1. Литературияб жанр? 2. Адаб? 3. Пляжалда гIемераб жо? 4. Мурад?

## № 3



**ГIЕБЕДЕ ВА ГIОДОБЕ:** 1. Хъвадаризе хIажалъулеб лъамалъи? 2. Милициялъул къокъа? 3. Цадахъ унел чагIи? 4. Поэт МахIмудил инсул цIар?

# Баркиял

Хириял «Лаченалъул» гъудулзаби!

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ 80 сон тIубаялъул юбилеялда хурхун редакциялде рачIунел руго рикIкIен гIемерал баркиялги кагъталги. КигIан бокьаниги рес кколеб гьечIо гьел киналго журналалда рахъизе. Гьединлъидал киналго гьитIичазул цIаралдасан «Лаченалъ» нилъее хирияв хъвадарухъабазда баркулеб буго гьезул гьайбатаб байрам. Гьебго заманалда журналалда лъолел руго цо-цо школаздаса рачIарал кагътал.

* * *

Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель МухIамад АхIмадович!

Къабул гьабе ниж Гъизилюрт шагьаралъул Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб школалъул цIалдохъабазул ва педагогазул коллективалъул урхъараб салам!

Ниж чIухIула дунялалда цIар рагIарал нилъер шагIиразул ракьцояллъун ратиялдаса. Дагъистаналъул советияб литератураялъе кьучI лъурал С.Стальскиясул, Э.Капиевасул, ЦI.ХIамзатил, Р.ХIамзатовасул асаразда цадахъго нижеца гъиралда цIалула жакъасел рагIул устарзабазул кучIдул, харбал ва къисаби.

Баркала нужее гьеб бечедаб хазина халкъалъе кьуралъухъ.

* * *

Республикаялъул хъвадарухъабазда ва гьединго адабияталъул адаб ккурал киналго магIарулазда ракI-ракIалъ баркула киназего гIаммаб байрам. Гьарула нужее жеги гвангъараб гьунарги гьайбатал ва гIакъилал тIахьал хадурккунги хъвазе пагьмуги.

Баркигун Казбек районалъул Дылымалдаса цIалдохъаби.




Соколёнок

# Лачен

5/2014

сентябрь - октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИН№ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.



Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М.Муталибов
Художник обложки А. Качаев



Выход в свет 28.10.2014 г.
Тираж 1746 экз.
Заказ № 132

Типография: ООО «Издательство «Лотос»».
Адрес типографии: 367025, РД г. Махачкала, ул. Пушкина, 6.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
Адрес редакции и издателя: 367025, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.